Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun



# Nuh Sareng Caah Gede

Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: Byron Unger; Lazarus

Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2011 Bible for Children, Inc.
Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

Nuh teh jalmi
anu taat ka Gusti,
unggal dinten
pasti muji ka Gusti.



Jalmi anu sanesna mah teu taat ka Gusti. Dina hiji dinten Gusti nyarios ka Nuh, ...




… ngeunaan hiji
hal anu matak
pikareuwaseun
“Kaula bakal
ngancurkeun
alam
dunya anu
jahat
ieu …


… "Gusti nyarios deui ka Nuh "Ngan maneh jeung kulawarga maneh wungkul anu bakal salamet."


Gusti ngemutkeun ka Nuh yen caah teh bakal datang sareng nutupan sakuliah dunya.


"Sok geura nyieun bahtera anu gede pisan pikeun kulawarga maneh jeung sagala rupa sasatoan"
Gusti marentah
ka Nuh.

Gusti masihan parentah anu jelas sareng rinci ka Nuh, atuh Nuh teh janten jalmi sibuk.




Panginten jalmi-jalmi sejenna
moyokan ka Nuh, ...


… waktos Nuh ngajelaskeun alesanana naha
Nuh bet ngadamel bahtera.


Tapi Nuh tetep we ngadamel bahtera eta.



Anjeuna oge tetep nyarioskeun

ngeunaan Gusti ka jalmi-jalmi anu aya disabudeureunana.



Tapi teu aya saurang oge anu percanten kana sasauran Nuh.


Nuh teh ngagaduhan iman anu teguh, Anjeuna leres-leres percanten ka Gusti, kitu oge kulawargana, ...


... sanajan hujan
teu acan turun,
tapi Bahtera the
tos siap, ...


... sadaya anu
diperyogikeun
oge ku Nuh tos
disiapkeun.

Ayeuna sagala rupi saastoan
daratangan.



Gusti nyandak tujuh tina unggal jenisna, sareng dua tina jenis anu sanesna.



Manuk ageung, manuk alit, sasatoan anu galak, anu begang, ...



... anu jangkung daratangan ka Bahatera Nuh.



Panginten jalmi sanes mah sarurak maroyokan Nuh, waktos Nuh ngeusian bahterana ku sagala rupi sasatoan.



Maranehna teras-terasan ngalakukeun kajahatan, ka Gusti ngalawan. Maranehna ge teu haroyongeun lalebet kana bahtera Nuh.





Ahirna sasatoan, manuk-manuk lalebet kana bahtera Nuh, "Sok ayeuna asup kana bahtera eta" Gusti marentah ka Nuh.


"Maneh jeung pangeusi imah maneh" Nuh, istrina purtana tilu, minantuna lebet kana bahtera eta, teras Gusti anu nutup pantona.



Teras
turun hujan.
Hujan ageung
teras-terasan dugika
opat puluh dinten opat
puluh wengi, kota-kota,
desa-desa, sakuliah dunya
janten kakeueum ku cai.



Waktos hujan tos liren, gunung-gunung oge janten kakeueum cai, sadayana mahluk hirup teh janten paraeh.



Waktos cai nyeueuran, bahtera Nuh the angkleung-angkleungan diluhureun cai.



Panginten dilebetna teh poek, oyag-oyagan, panginten oge pikasieuneun.  Tapi ieu bahtera teh janten tempat panyalindungan Nuh tina cai

bah eta.


Saatos 5 sasih, Gusti
ngintunkeun angin, lalaunan
eta bahtera the kabawa
kadarat di hiji
gunung
anu
namina
Gunung Ararat.


Nuh masih keneh di lebet bahtera salami opat puluh dinten dugika caina saat.

Nuh ngaleupaskeun manuk gagak sareng japati tina jandela bahtera. Tapi manuk eta teh uih deui ka bahtera Nuh, margi teu acan mendakan tempat anu garing.

Samingggon ti harita,



Nuh nyobian deui ngalepaskeun japati, eta japati the uih deui ka Nuh nyandak daun zaitun dina papatukna.


Minggon salajengna Nuh
terang yen bumi teh tos garing, sabab japati eta teu uih deui ka bahtera.


Gusti nyaur ka Nuh yen ieu teh waktosna kanggo kaluar tina bahtera.

Sasarengan, Nuh sareng kulawargana ngaleupaskeun sasatoan.



Kacida bingahna Nuh teh waktos harita.



Anjeuna ngadamel altar, teras muji Gusti, anu parantos nyalametkeun Nuh sareng kulawargana tina cai bah anu pikasieuneun.




Gusti masihan hiji jangji anu luar biasa ka Nuh.


Moal sakali-kali deui Gusti nurunkeun
caah anu ageung pikeun nghukum dosa manusa.


Gusti masihan hiji tanda kanggo janji-Na.
Anu janten tanda eta teh nyaeta katumbiri.


Nuh sareng kulawargana mendak hiji jaman anu enggal saatos kajadian caah eta teh.


Dina waktos harita, turunan Nuh, minuhan sakulah dunya, sadaya bangsa di
alam dunya ieu.

# Nuh Sareng Caah Gede

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 6-10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Rengse

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16